

8YÈM ANE

NIVO ENTÈMEDYÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

DEZYÈM LIV

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)

6 JEN 2007

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lèkol ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan premye liv la; Twazyèm Pati a nan ti liv sa a.

Twazyèm Pati a baze sou divès dokiman.

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Ekri repons ou yo pou chak kesyon nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv pou ekri repons ki apa a, depi premye paj nan ti liv la.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn **tout** kesyon ki nan Dezyèm Liv la, epi ekri redaksyon w lan.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN JISKASKE YO DI OU FÈ SA.

Repons pou kesyon disètasyon an sipoze ekri nan ti liv disètasyon an.

Nan devlopman repons ou pou Pati III a, fòk ou panse a definisyon jeneral sa a:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak sa ki te pase; prezante ak kèk detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki avèk li yo. Li fèt pou li teste kapasite ou pou travay ak dokiman istorik. Genyen nan dokiman sa yo ki ekri yon fason pou pèmèt ou reponn kesyon yo. Pandan wap analize dokiman yo, pran an kont sous chak dokiman ak nenpòt opinyon yo kapab bay nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Aprè mache stòk la fè fayit an 1929, Lèzetazini te antre nan yon peryòd kriz ekonomik yo rele Gwo Depresyon. Pandan tan sa a, enstitisyon politik, ekonomik ak sosyal Lèzetazini yo te nan toubiyon. Gouvènman an, divès gwoup moun ak endividyèl te chèche fason pou yo pale sou pwoblèm ameriken te rankontre yo.

Sa pou fè:

Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman an ak konesans ou nan syans sosyal, reponn kesyon ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons ou yo ap ede ou ekri disètasyon Pati B a. Nan Pati B a yap mande ou pou


- Diskite pwoblèm Ameriken yo te fè fas pandan Gwo Depresyon an
- Diskite sou aksyon gouvènman an, *ak/oubyen* divès gwoup, *ak/oubyen* endividyèl te pran nan tantativ pou rezoud pwoblèm Gwo Depresyon an te mennen.

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Konsiy yo: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1



Sous: *Historical Statistics of the United States*, U S. Bureau of the Census (adapte)

1 Dapre graf sa a, kijan fayit mache stòk la te afekte travayè yo? [1]

Score

Dokiman 2



Aprè sa, nan Jedi Nwa, rèv Ameriken yo te tounen yon kochma pandan mache stòk Wall Street la te fè Fayit. Moun te sezi anpil, men anvan sa yo pat ka kwè. Trezò an papye te disparèt, men lajan te fondasyon lavi Ameriken. Etònman vin tounen panik pandan anpil moun tap anvayi [ranpli] bank yo (sa a li menm te nan New Jersey) pou yo ale retire ekonomi yo tap fè pou rès lavi yo, men anpil fwa li konn twò ta. Bank yo kòmanse tonbe epi pwodiksyon endistriyèl la te fè yon kanpe.

Sous: Robert Goldston, *The Great Depression: The United States in the Thirties*, Bobbs-Merrill

2 Dapre dokiman sa a, ki efè Fayit la genyen sou bank yo? [1]

Score

Dokiman 3

Ekstrè sa a soti nan yon atik ki pale de Vera, yon fanm ki te ale nan inivèsite nan vil New York, ki te afekte anpil ak Gwo Depresyon an.

Vera

. . . Vera pat janm genyen yon djòb. Prèske chak jou nan premye lane li nan New York te pase nan woutin dekourajman moun san eksperyans ki gradye nan inivèsite k ap chèche travay konnen byen. Ajans travay ak moun ki kapab anplwaye yo te rete endiferan fas a plent li yo lè yo wè li pa genyen eksperyans. Epi lajan li depanse nan tenb pou reponn piblisite pou travay yo te gaspiye; lèt li yo pat janm mennen [pote] repons.

Pandan yon tan li tap viv ak yon ti lajan li te eritye. Men nan ete 1934 la, tout lajan an te fin ale nèt epi li te wè li te lwen tout esperans pou li jwenn yon djòb. Malgre gwo chalè ak degoutans ak feblès grangou li te genyen li te kontinye chèche travay yon mwa apre tout ti kòb li te fini nèt. Nan peryòd sa a li pat peye lwaye pou chanm tou meble li te genyen an epi pou manje li te depann sou zanmi ki tap envite li manje pafwa. Envitasyon sa yo pat anpil paske li pat kite moun konnen nan ki dezesperasyon li te ye. Gendefwa, menm, li konn prete yon dola ki toujou pase nan peye machin lè li twò fatige li pa kapab mache pou ale pi lwen oubyen, kontrèman a sa li panse, pase nan manje.

Aprè kat semèn lap bay mèt kay la asirans lap jwenn yon djòb nan yon ti tan epi peye kay la li te antre lakay li yon swa epi li jwenn tout rad li ak sa li te posede te disparèt pandan li pa la. Li te pè, li te rele mèt kay la ki di li lap jwenn tout afè li lè li peye kay la. Valè afè li yo asireman te koute plis pase kantite lajan kay li pat peye a kidonk li mande zanmi li yo prete douz dola, kantite lajan li te dwe a. Jou swa sa a lè li rantre lakay li pou li ale pran afè li li jwenn yo chanje seri pòt la epi kle li a pat bon pou li ankò. Li te sonnen epi frape pandan yon bon ti tan, men pat gen repons. . . .

Sous: Ruth L. Porterfield, "Women Available," *The American Mercury*, Avril 1935

3 Sèvi ak dokiman sa a, idantifye **de** pwoblèm Vera te fè fas pandan Gwo Depresyon an. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 4

Divès endividi ak gwoup moun te ouvè anpil kwizin ki menm jan ak sa ki nan Chicago a an 1931.



Sous: National Archives (adapte)

4 Sèvi ak foto sa a pou di ki asistans yo bay moun ki kanpe nan liy yo? [1]

Score

Dokiman 5

. . . Nan yon espri konsa mwen menm avèk ou nou genyen menm difikilte. Yo konsène, mèsì Bondye, byen materyèl sèlman. Valè yo desann nan nivo moun pa ka kwè; taks yo monte; nou vin pa genyen kapasite pou nou peye; tout kalite gouvènman ap fè fas a gwo rediksyon [pèt] nan revni; mwayen echanj yo (lajan ak kredi) friz nan kouran komès; echèk [fayit] antrepriz endistriyèl [komès] chita tout kote; peyizan agrikiltè yo pa jwenn okenn mache pou pwodwi yo; ekonomi milye fanmi fè pandan plizyè lane fini nèt. . . .

Pi gwo travay prensipal nou se pou nou bay moun djòb. Se pa yon pwoblèm ki pa kapab rezoud si nou fè fas a li ak anpil sajès ak kouraj. Sa ka reyalize an pati lè Gouvènman an li menm chèche moun dirèkteman, pou li trete pwoblèm nan menm jan si se te yon lagè ijans, men nan menm tan an, ak djòb sa yo, lap reyalize pwojè ki plis nesèsè pou ankouraje ak reòganize itilizasyon resous natirèl yo. . . .

— Prezidan Franklin D. Roosevelt, Diskou Inogiral, 1933, Bibliyotèk FDR

5a Dapre Prezidan Roosevelt, ki **de** pwoblèm Ameriken yo te genyen an 1933? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

b Dapre dokiman sa a, kisa Prezidan Roosevelt te di Gouvènman an dwe fè pou rezoud pwoblèm Gwo Depresyon an? [1]

Score

Dokiman 6



Sous: Clifford Berryman, *Washington Star*, January 5, 1934, Library of Congress (adapte)

6a Nan ti komik sa a, kilès doktè a reprezante? [1]

Score

b Nan ti komik sa a, kisa boutèy yo ki sou tab la reprezante? [1]

Score

Dokiman 7

An 1933, Dr. Francis Townsend te pwopoze gouvènman nasyonal la yon plan pansyon. Plan sa a te ede ankouraje kreyasyon Lwa Sekirite Sosyal 1935 lan.

Plan "Townsend"
... lan

Fè Gouvènman Nasyonal la kreye lwa ki di tout sitwayen Lèzetazini, gason kou fanm, ki genyen plis pase 60 lane kapab pran retrèt yo epi touche yon pansyon 200 dola pa mwa nan kondisyon ki anba yo:

1. Yo pa pral angaje yo nan okenn travay, biznis osinon pwofesyon pou lajan.
2. Yo pat konn abitye fè krim anvan sa.
3. Yo fè sèman, epi respekte sèman sa a, pou yo depanse tout lajan pansyon an, nan Lèzetazini, sou yon peryòd trant jou aprè dat yo resevwa li a.

Fè Gouvènman Nasyonal la kreye yon fon lajan pèmanan pandan l ap enpoze yon taks jeneral sou lavant; mete to a wo ase pou bay kantite lajan ki nesèsè pou kenbe Fon Pansyon Pèmanan Granmoun yo sou pye pou peye moun pansyon yo chak mwa.

Fè lwa a di anpil pou taks sou lavant yo sèvi sèlman pou Fon Pansyon Pèmanan Granmoun yo.

PANSYON PÈMANAN POU GRANMOUN, INC.

148 American Avenue Long Beach, California

BEACH CITY PTD. CO., 242 E. BRD. L. B. COPYRIGHT 1934, F. E. TOWNSEND

Sous: Social Security Administration (<http://www.ssa.gov>)

7a Dapre dokiman sa a, ki gwoup moun kap benefisye nan plan Dr. Townsend nan? [1]

Score

b Dapre dokiman sa a, site **yon** dispozisyon nan plan Dr. Townsend nan? [1]

Score

Pati B

Disètasyon

Konsiy yo: Ekri yon disètasyon ki byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragrap, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki soti nan *pi piti kat* dokiman pou apiye disètasyon ou an. Apiye repons ou ak reyalite, egzanj, ak detay. Mete tou enfòmasyon ki soti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Aprè mache stòk la fè fayit an 1929, Lèzetazini te antre nan yon peryòd kriz ekonomik yo rele Gwo Depresyon. Pandan tan sa a, enstitisyon politik, ekonomik ak sosyal Lèzetazini yo te nan toubiyon. Gouvènman an, divès gwoup moun ak endividyèl te chèche fason pou yo pale sou pwoblèm ameriken te rankontre yo.

Sa pou fè:

Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman an ak konesans ou nan syans sosyal, reponn kesyon ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons ou yo ap ede ou ekri disètasyon Pati B a. Nan Pati B a yap mande ou pou

- Diskite pwoblèm Ameriken yo te fè fas pandan Gwo Depresyon an
- Diskite sou aksyon gouvènman an, *ak/oubyen* divès gwoup, *ak/oubyen* endividyèl te pran nan tantativ pou rezoud pwoblèm Gwo Depresyon an te mennen.

Gid:

Nan disètasyon ou an, li enpòtan pou:

- Devlope tout aspè sa ou genyen pou fè a
- Sèvi ak enfòmasyon ki soti pou pi piti nan kat dokiman nan repons ou an
- Sèvi ak bon enfòmasyon ki soti lòt kote
- Apiye tèm nan ak reyalite, egzanj, ak detay
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi klè, ki genyen yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki plis pase yon repetisyon tèm nan

Part I Score	
Part II Score	
Part III A Score	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score	
Final Score (obtained from conversion chart) scaled 1–100	